

## **ASISTANS CHOMAJ POU KATASTWÒF**

**K ONTE: Cumberland, Hancock, Knox, Lincoln, Sagadahoc, Waldo,  
Washington, ak York**

**DAT ENPAK: 9 janvye 2024 ak 13 janvye 2024 Tanpèt**

### **KISA ASISTANS CHOMAJ POU KATASTWÓF YE (DUA)?**

Asistans Chomaj pou Katastwòf (DUA) bay avantaj pandan yon ti tan pou moun ki gen travay oswa travay endepandan yo te pèdi oswa entèwonp kòm yon rezilta dirèk nan yon gwo katastwòf epi ki pa kalifye pou asirans chomaj regilye (UI).

### **KIMOUN KI KALIFYE?**

Moun ki te pèdi travay yo kòm yon rezilta dirèk nan gwo katastwòf la, ki:

- Yo te travayè endepandan epi yo te anpeche yo fè sèvis sa yo;
- Yo pa t kapab jwenn travay yo;
- Yo te pwograme epi anpeche yo kòmanse travay oswa travay endepandan nan zòn katastwòf la;
- Yo pa t kapab travay akòz aksidan kòm yon rezilta dirèk katastwòf la, oswa;
- Te vin chèf fanmi akòz yon lanmò katastwòf la te lakòz .

### **KONBYEN MWEN KA RESEVWA NAN AVANTAJ NAN DUA?**

Montan benefis chak semèn nan Maine varye ant \$220 ak \$573. Montan yon moun kalifye pou resevwa a baze sou salè yo te touche lè yo t ap travay.

### **ÈSKE GEN YON SEMÈN POU TANN POU RESEVWA AVANTAJKI DUA?**

Non.

### **KISA MWEN BEZWEN FÈ APRE MWEN FIN APLIKE POU M RETE ELIJIB?**

- Fè reklamasyon chak semèn.
- Ap chèche travay aktivman.
- Kapab ak disponib pou travay.
- Pa refize òf ki apwopriye pou travay.

### **KIJAN POU M APLIKE POU AVANTAJ DUA?**

**Anliy** nan <https://reemploye.maine.gov/>

**Telefòn** nan 1-800-593-7660

**TTY/Relè pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande:** Maine relay 711